



Pou Piblikasyon Imedya: 15/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO INOGIRASYON NAN PWOJÈ  
TRANSFÒMASYON JFK OTORITE PÒTYÈ A**

***Gouvènè Hochul ak Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton rejwenn Direktè Egzekitif Jeneral Delta Ed Bastian ak Direktè Egzekitif Jeneral JFKIAT Roel Huinink pou lanse konstriksyon pou ekspansyon Tèminal 4 JFK a ki koute 1.5 milya dola***

***Inogirasyon pou ekspansyon Tèminal ki pral inifye operasyon Delta yo, ajoute 10 nouvo pòtay nan T4 la ak elaji zòn kontwòl ak zòn arive yo***

***Eleman kle nan transfòmasyon jeneral Otorite Pòtyè JFK - Delta se dezyèm pwojè y ap inogire***

***Ekspansyon ak modènizasyon Tèminal ki egziste deja pou enkli nouvo opsyon pou vant an detay ak konsesyon, teknoloji modèn, zòn biyè ak pòtay modènize, ak nouvo kontwòl bagaj an lib-sèvis***

***Ane k ap vini an pral pi okipe ankò pou transfòmasyon JFK Otorite Pòtyè a***

***Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a yon etap enpòtan nan transfòmasyon Otorite Pòtyè a nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ak inogirasyon pou yon ekspansyon ak modènizasyon Tèminal 4 ki finanse yon fason prive ki koute 1.5 milya dola Nan kòmansman ane a, Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) te rive jwenn yon akò revize ak Delta Air Lines ak JFK International Air Terminal (JFKIAT), operatè Tèminal 4 la, pou elaji etablisman epi konsolide operasyon Delta yo la.

"Inogirasyon jodi a se yon gwo pati nan istwa reyaparasyon New York anba difikilte nou te sibi pandan pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yo pral santi enpak ekonomik transfòmasyon sa a pandan plizyè deseni, pandan l ap solidifye wòl dirijan mondyal eta nou an nan akeyi vizitè ki soti aletranje ak moun k ap retounen lakay yo. Mwen ap tann ak enpasyans tout bagay ke patenarya sa a ak Otorite Pòtyè a ak Delta pral pote nan New York."

Yon akò restriktire ak revize pou Tèminal 4 te negosye avèk siksè nan kòmansman ane sa a epi Konsèy Komisè Otorite Pòtyè a te apwouve li nan [revinyon konsèy la an avril](#). Otorize okòmansman pa Komisyon Konsèy Otorite Pòtyè a an [fevriye 2020](#) anvan pandemi an, plan an te revize akòz gwo enpak pandemi COVID-19 la sou vwayaj ayeryen yo. Nan kòmansman ane sa a, Konsèy te dakò pou antre nan yon amandman kontra lwaye ak JFK ak Delta pou ekspansyon ak renovasyon nan koulwa arive a ak nan koulwa depa a nan Tèminal 4 la, sa ki se yon gwo ekspansyon nan sal datant yo pou ajoute 10 nouvo pòtay, renovasyon nan sal datant ki egziste deja yo, ak amelyorasyon wout pou amelyore aksè pou veyikil yo. Yo prevwa ekspansyon nan Tèminal 4 la ta dwe tèmine ak Delta k'ap konsolide operasyon li yo an 2023. Yo prevwa ekspansyon ak amelyorasyon Tèminal 4 la pral lakòz plis pase 1,500 djòb total, ki gen ladan plis pase 1,000 djòb konstriksyon sendika.

**Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare,** "Jodi a nou selebre ekspansyon ak renovasyon Tèminal 4 nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy a ki, lè yo fini, pral amelyore yon fason sinifikatif eksperyans kliyan an avèk vas renovasyon ak pòtay adisyonèl, epitou founi plizyè milye travay pou rezidan lokal yo. Ak dè milyon de moun ki vwayaje nan ayewopò sa a chak ane, li enpòtan pou nou rete yon lidè kòm pi gwo pòtay entènasyonal nan peyi a."

**Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare,** "Inogirasyon sa a se yon moman transfòmasyon pou Otorite Pòtyè a ak patnè li yo pandan transfòmasyon JFK a ap kontinye. Nou espere wè ekspansyon nan Tèminal 4 la kote Delta ak JFKIAT kontinye travay ansanm pou ba sèvis kliyantèl premye plan. Nou kontan wè pwojè sa a avanse kòm yon pati enpòtan nan plan nou pou transfòme JFK an ayewopò klas mondyal ke rejyon an merite."

**Jeffrey Lynford, ki se Vis Prezidan Otorite Pòtyè a, te deklare,** "Pandan plis pase 70 ane, Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy se yon pòtay pou vwayaj nasyonal ak entènasyonal, ak yon gwo motè nan ekonomi rejyonal nou an. Inogirasyon sa a nan Tèminal 4 la se yon pati enpòtan nan transfòmasyon nou nan JFK pandan n ap amelyore eksperyans pasaje yo ak konstwi yon ayewopò klas mondyal. Lefèt ke pwojè sa a pral kreye dè milye e dè milye djòb nan konstriksyon sendika ki byen peye pandan y ap ofri plizyè milya dola opòtinite kontra pou biznis lokal yo fè li pi enteresan. Pandan n ap emèje soti anba pandemi an, mega pwojè enfrastrikti tankou rekonstriksyon JFK pral enpòtan anpil pou remete ekonomi an sou bon chemen an, epi Otorite Pòtyè a pa ka tann pou kontribiye nan rekiperasyon an nan kontinye investi nan enstalasyon nou yo atravè rejyon an."

**Direktè Egzekitif Jeneral Delta a, Ed Bastian, te deklare,** "Nou ap tann ak enpasyans pou nou bay yon ayewopò klas mondyal ki pral depase atant pandan plizyè ane k ap vini yo. Investisman enpòtan kontinyèl nou yo kontinye ofri kliyan ak anplwaye nou yo eksperyans vwayaj premyòm yo merite nan JFK. Mèsi a patnè nou yo nan Otorite Pòtyè a ak JFKIAT paske yo te ede nou fè vizyon sa a vin yon realite."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral JFKIAT, Roel Huinink, te deklare,**

"Inogirasyon jodi a make yon etap enpòtan nan evolisyon Tèminal 4 la kòm youn nan tèminal ayeryen ki pi modèn ak efikas nan mond lan. Antanke yon biznis ki baze nan Queens, JFKIAT wè ekspansyon sa a kòm yon opòtinite pou revitalize ekonomi lokal nou an apre pandemi an, epi nou pran angajman pou travay ak patnè nou yo pou asire ke inisyativ klas mondyal sa a benefisye kominote nou an. Nou pa ka tann pou nou fè patenarya ak Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey ak Delta nan misyon nou pou ofri yon eksperyans kliyantèl premye plan pou retabli konfyans piblik la nan vwayaj ayeryen."

**Reprezantan Gregory W. Meeks, te deklare,** "Mwen felisite Otorite Pòtyè a, Delta Airlines, ak JFK International Air Terminal pou inogirasyon Tèminal 4 JFK a. Sa a se yon faz esansyèl pou transfòmasyon ayewopò JFK a. Pandan tout redevlopman ayewopò a, Rick Cotton, Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a te mentni kominikasyon ak kominote lokal la pandan l ap kreye travay ak opòtinite ki benefisye MWBE yo ak antrepriz lokal yo. Mwen te wè pèsonèlman angajman Otorite Pòtyè a kòm Ko-Prezidan Konsèy Konsiltatif Kominotè Redevlopman JFK a epi mwen pa ka tann pwogrè kontinyèl li."

**Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards Jr. te deklare,** "Revizyon Tèminal 4 la se plis pase jis nouvo sal depa ak arive oswa ekspansyon sal datant. Pwojè sa a reprezante yon investisman masif nan sante ekonomik Queens atravè kreyasyon plizyè milye travay ki byen peye, opòtinite kontra pou biznis lokal yo, yon angajman solid pou patisipasyon MWBE ak plis ankò. Asosye ak pwojè Tèminal One ki koute 9.5 milya dola ak nouvo Tèminal 6 3.9 milya dola, transfòmasyon radikal sa a nan Ayewopò JFK pral soulaje ekonomikman fanmi Queens yo pou jenerasyon k ap vini yo, pandan y ap bay plizyè milyon moun atravè mond lan yon premye enpresyon enkwayab sou Queens, Vil New York ak Eta New York an jeneral."

**Senatè Joseph P. Addabbo Jr. te deklare,** "Kèlkeswa chak fwa nou ka inogire yon gwo pwojè tankou sa a, se tout moun ki genyen. Viv toupre ayewopò a pandan tout lavi mwen, mwen konnen non sèlman ekspansyon masif ak modènizasyon Tèminal 4 JFK a pral benefisye ayewopò a ak plizyè milyon vizitè chak ane, men tou, li prevwa kreye plis pase 2,000 djòb total, ki gen ladan plis pase 1,000 travay konstriksyon sendika, ki pral benefisye kominote lokal la. Mwen pa ka tann pou m wè pwojè sa reyalize!"

**Senatè Leroy Comrie, te deklare,** "Pandan pwojè redevlopman JFK a ap kontinye rive nan nouvo etap enpòtan yo, Nouyòk ak vwayajè yo atravè mond lan pral finalman benefisye ekspansyon ak modènizasyon ayewopò sa a k ap kreye yon sant transpò klas mondyal. Milya dola ak plis nan investisman prive, asosye ak patenarya kolaborasyon ak Otorite Pòtyè a ak Konsèy Konsiltatif Kominotè Redevlopman JFK a, pral bay rezilta vil nou an, eta nou an ak gwo minisipalite ke Queens lan merite. Mwen ap tann ak enpasyans pou mwen kontinye travay nou te fè plizyè ane ki sot pase yo men sètènman pou m ede retounen ak vwayaj ayeryen an sekirite, epi ki pratik, komès ak nan eta nou an ak yon JFK ki vrèman transfòme. Mwen vle felisite Gouvènè Hochul, Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton, Direktè Egzekitif Jeneral Delta Ed

Bastian ak Direktè Egzekitif Jeneral JFKIAT Roel Huinink ak tout patnè kominotè nou yo pou lidèchip yo nan fè vizyon patenarya piblik-prive sa a vin yon reyalite."

**Manm Asanble Alicia Hyndman, te deklare,** "Jodi a make yon avansman enpòtan pou Tèminal 4 JFK a. Kòm ekspansyon 1.5 milya dola a ap sou pye nan jis nan kèk mwa tou kout, ekspansyon sa a pral non sèlman elaji zòn kontwòl ak arive a, men li pral kreye tan kontwòl ki pi rapid ak pi bon ak nouvo teknoloji dènye modèl, kyòs an lib-sèvis ak nouvo lokal pou kontwòl bagaj pèsònèl. Ak ekspansyon an gen 2,000 nouvo djòb ak ansanm ak 1000 djòb konstriksyon sendika ki vini ak li ki pral asire tou Distri 29 Asanble mwen an ak kominote Sidès Queens ap pwospere. Ann al travay!"

**Manm Asanble Stacey Pheffer Amato, te deklare,** "Yon lòt fwa ankò, Gouvènè Kathy Hochul ak Otorite Pòtyè a te montre jan yo seryezman angaje yo nan envesti nan Sid Queens ak nan Ayewopò JFK a, pandan n ap fè l tounen yon ayewopò klas mondyal ke moun yo nan gwo Minisipalite sa a merite. Pandan n ap avanse sou wout rekiperasyon ekonomik apre pandemi COVID-19 la, travay ak opòtinite ke ayewopò sa a pral bay moun Queens yo nesèsè anpil. Mwen vle remèsye Gouvènè a, Otorite Pòtyè a, ak Delta Airlines pou angajman sa a, epi mwen pa ka tann pou pwojè sa a demare!"

**Manm Asanble Khaleel Anderson, te deklare,** "Avèk anons jodi a sou yon investisman prive 1.5 milya dola pou elaji ak modènize Tèminal 4 nan Ayewopò JFK, nou kontinye wè yon angajman solid pou devlopman klas mondyal nan Sidès Queens. Pwiyorite mwen antanke reprezantan eta a se relye opòtinite ekonomik ki pwomèt sa yo ak demann lokal pou travay sendika, karyè, ak aksè a kontra MWBE ki pral diminye to chomaj yo epi ede asire yon rekiperasyon ekitab pou kominote ki frape pi di pa pandemi COVID-19 la. Mwen pa ka tann pou mwen travay avèk Gouvènè Kathy Hochul, kòlèg mwen yo nan gouvènman eli a, Otorite Pòtyè a, devlopè prive yo, ak Konsèy Konsiltatif Kominotè Redevlopman JFK a."

**Manm Konsèy Adrienne Adams, te deklare,** "New Terminal One lan nan Ayewopò JFK a pral amelyore eksperyans wwayaje pou Nouyòkè yo ak vizitè yo, estimile ekonomi lokal nou an, epi ofri opòtinite enpòtan pou ti biznis yo, rezidan yo ak etidyan yo. Mwen pa ka tann pou mwen wè enpak ak benefis pwojè transfòmasyon sa a pandan Vil Nouyòk ap rekipere li apre pandemi COVID-19 la."

**Manm Konsèy eli Nantasha Williams, te deklare,** "Antanke yon manm konsèy k ap vini, rezidan nan kominote sidès Queens yo, ak youn nan kreyatè efò devlopman kominotè pou Redevlopman JFK a, mwen kontan anpil dèske pwojè T4 la sou pye. Lè COVID-19 te frape nou, nou te oblije pivote men nou pa te janm sispenn efò nou pou asire efò pwogram nan te byen kowòdone ak kominote Sidès Queens lan. Mwen ap tann ak enpasyans pou avanse objektif pwogram nan nouvo kapasite mwen o sèvis kominote a."

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York, te deklare,** "Plan redevlopman pou Tèminal 4 Ayewopò JFK a se yon eleman enpòtan

nan konstriksyon anvè avni New York nan yon fason ki transfòme enfrastrikti transpò vil nou an epi ki jenere plizyè dizèn milye karyè klas mwayèn ak avantaj nan pwosesis la. New York merite ayewopò klas mondyal ki non sèlman rekonèt men ke yo admire atravè mond lan. "Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidchip efikas li nan avanse pwojè enfrastrikti anblematik sa an avan.

**Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Partnership for New York City a, te deklare,** "Nouvo tèminal Delta a se yon kredi pou angajman Gouvènè Hochul pou modènize ayewopò nou yo, pwofite investisman sektè prive a pou fè New York vin premye destinasyon pou touris yo. Nouvo ekipman modèn yo ak kapasite elaji yo enpòtan anpil pandan touris yo retounen, epi yo pral benefisye anpil kominote lokal la, sa ki pral pote plizyè milye travay nan Queens."

**Thomas J. Grech, Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Quee lan, te deklare,** "Kòm pi ansyen ak pi gwo asosyasyon biznis nan Queens, nou fyè pou nou kanpe la avèk Gouvènè Hochul, ak zanmi nou yo nan Otorite Pòtyè a, Delta Air Lines ak JFKIAT, pou selebre investisman istorik 1.5 milya dola sa a pou elaji ak modènize Tèminal 4 la. Investisman sa a pral amelyore yon pati enpòtan nan enfrastrikti transpò rejyon nou an, kreye travay, epi bay opòtinite pou ti biznis yo nan Queens, sitou MWBE yo. Ti biznis yo nan Queens konte sou enfrastrikti avyasyon nou an, epi transfòmasyon JFK pral enpòtan anpil pou rekiperasyon ekonomik rejyon nou an."

**Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Rockaway Development & Revitalization Corporation lan, Kevin W. Alexander, te deklare,** "Lanse jodi a nan Pwojè 1.5 Milya dola Tèminal 4 JFK Otorite Pòtyè a se yon lòt etap enpòtan non sèlman pou Sidès Queens, men pou tout New York. Transfòmasyon Ayewopò Entènasyonal JFK a kòm yon ayewopò klas mondyal ki reflekte divèsite nou ak lespri enklizyon nou nan tout aspè Pwojè Redevlopman JFK a se opòtinite pou nou montre mond lan ki jan li kapab ye lè ou gen lidè k ap panse pou pi devan - Gouvènè Kathy Hochul, Direktè Egzekitif PANY/NJ Rick Cotton, Ko-Prezidan Konsiltatif JFK epi Manm Kongrè Gregory Meeks ak Prezidan Minisipalite Queens Donovan Richards, ak lidèchip ekip Tèminal 4 la - Delta ak JFKIAT k ap travay ansanm. Antanke Ko-Prezidan Komite Devlopman Mendèv ak Devlopman Karyè Konsèy Konsiltatif Kominotè JFK a, nou pa ka tann pou nou travay avèk ekip Pwojè Tèminal 4 la pou fè manm kominotè nou yo angaje, prepare epi pare pou non sèlman travay tanporè men opòtinite pou karyè, antreprenarya ak biznis k ap chanje lavi yo."

**Carlo A. Scissura, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, New York Building Congress, te deklare,** "Transfòmasyon istorik Ayewopò JFK a ap kontinye pandan n ap inogire ekspansyon sa a. Tèminal 4 elaji a pral amelyore eksperyans pasaje yo, kreye bon travay, ouvri opòtinite pou MWBE yo epi bay Vil Nouyòk pòtay klas mondyal li merite a. New York Building Congress bat bravo pou Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè a, Delta ak JFKIAT."

**Justin Rodgers, ki se Prezidan pa Enterim ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Jamaica Development Corporation, te deklare,** "Mond lan konnen ayewopò JFK

kòm pòtay entènasyonal ki mennen nan New York, men li se yon eleman enpòtan tou pou sibzistans ekonomik sidès Queens. Amelyorasyon kontinyèl Eta a nan JFK non sèlman fè tapi wouj ki mennen nan vil la pi bèl, yo kreye tou opòtinite travay ak kwasans biznis pou anpil rezidan ozalantou Jamaica."

### **Elaji Tèminal 4 la Pandan n ap Panse avèk Bezwen Kliyan yo**

Pwojè Tèminal 4 ki koute 1.5 milya dola, ki ap finance pa kapital prive, se dezyèm inogirasyon nan kad Plan Redevlopman JFK a. Ekspansyon tèminal la pral kreye 10 nouvo pòtay, prensipalman k ap sèvi vòl rejyonal ak nasyonal, pandan y ap ajoute 150,000 pye kare pou elaji tèminal la.

Ekspansyon sa a pral pèmèt Delta ofri kliyan an korespondans yo yon eksperyans vwayaj san pwoblèm nan konsolide tout operasyon li yo nan Tèminal 4 la, sa ki pèmèt transfè kliyan ki pi pratik ke Delta opere kounye a soti nan Tèminal 4 ak Tèminal 2 a. Pwojè a pral gen ladan yon nouvo Klèb Delta Sky nan Sal datant A Tèminal 4 la, ansanm ak zòn syèj ak konsesyon elaji, pano oryantasyon modèn, ak twalèt tou nèf ki fèt pandan yo teni kont de vwayajè yo.

Anplis de sa, tèminal la pral sibi yon pwogram renovasyon pou amelyore eksperyans kliyan an ak nouvo kontwa kontwòl ki pral amelyore kapasite ak efikasite ak teknoloji dènnye kri, enstalasyon nouvo kyòs an lib-sèvis ak lokal pou kontwòl bagaj pèsone, renovasyon twalèt yo, zòn pou reklamasyon bagaj ak zòn arive, ansanm ak nouvo finisyon pou vant an detay ak pou atizay piblik.

Delta kontinye ap grandi nan JFK ak nan Vil New York an jeneral, kote li ofri plis vòl ak syèj ke nenpòt konpayi transpòtè nan JFK ak LGA ak 400 depa o total chak jou nan 95 destinasyon nasyonal ak entènasyonal. Liy ayeryèn lan opere plis pase 160 vòl an mwayèn chak jou nan 68 destinasyon atravè lemond soti nan JFK pou kont li. Depi 2010, Delta te investi plis pase 3.5 milya dola nan agrandisman ak redevlopman ayewopò nan New York, ki gen ladan pwojè anvan yo nan JFK ak LaGuardia Airport. Liy ayeryèn lan ap antreprann tou yon pwojè 3.9 milya dola pou konsolide Tèminal C ak D nan LGA, ak yon sal arive ak depa dènnye modèl ki pral ouvri nan prentan pwochen.

JFKIAT, se yon filyal Etazini nan Royal Schiphol Group, ki se operatè nan Tèminal 4 nan John F. Kennedy International Airport depi 1997. Ekspansyon an pral amelyore pi plis òf tèminal la pou 30 patnè liy ayeryèn li yo ak nouvo teknoloji pou asire kapasite ak pwosesis pasaje rapid ak san pwoblèm, opsyon manje adisyonèl, ak lòt ekipman pou asire konfò ak konvenyans pasaje yo.

Rekonsepsyon nan Tèminal 4 la - te vin premye tèminal ayeryèn ki te reyalize sètifika LEED Gold O+M an 2017 - sa ki pral kontinye angajman Otorite Pòtyè ak JFKIAT nan efikasite enèji, lè li sèvi avèk ekipman ak ekleraj ki ekonomize enèji nan tout tèminal la.

Konfòmeman avèk [objektif emisyon Net Zewo](#) ak estanda pou tranzosyone nan direksyon machin ki konplètman elektrik atravè enstalasyon li yo, pwojè a gen ladan estasyon rechaj pou ekipman sèvis elektrik sou sòl nan tout nouvo pòtay yo, ansanm ak yon sistèm rekiperasyon dekonjelasyon pou kaptire likid dekonjelasyon ki itilize yo.

Plan inisyasyon pou redevlope ayewopò JFK yo te retade akòz efè pandemi Covid-19 la, ki vle di ke akò orijinal pou pwojè a te bezwen restriktire. Kounye a, Delta Air Lines ak JFKIAT pral finanse totalman ekspansyon ak renovasyon Tèminal 4 la.

Inogirasyon pou Tèminal 4 elaji a bati sou momantòm lòt twa eleman majè transfòmasyon JFK a. An jeneral, tout kat pwojè majè pou transfòmasyon ayewopò JFK pral totalize apeprè 15 milya dola nan envestisman prive.

Ane k ap vini an pral konstate aktivite enpòtan ak etap enpòtan yo nan kad pwogram Redevlopman JFK a. Konstriksyon alafwa nouvo Tèminal 6 la ak Terminal One lan pral inogire an 2022 epi konstriksyon Tèminal 8 yo redevlope a pral fini an 2023.

### **Reyamènaje JFK Airport dekonsè ak kominote lokal la**

An 2018, yo te fòme Konsèy Konsiltatif Kominotè pou Devlopman JFK (JFK Redevelopment Community Advisory Council). Li ko-prezide pa Reprèzantan Ameriken Gregory Meeks ak Prezidan Minisipalite Queens lan Donovan Richards epi li gen ladan fonksyonè eli, konsèy kominotè, biznis ak òganizasyon san bi likratif, òganizasyon sivik ak lidè relijye yo nan kominote lokal yo vize nan Sidès Queens, Sidwès Queens, Rockaways yo ak pati lwès yo nan Konte Nassau. Depi kreyasyon li, Konsèy Konsiltatif la ap travay avèk Otorite Pòtyè a pou elaji efè sansibilizasyon kominote a epi devlope pwogram ki fòkis sou kominote a, asire ke pwojè anbisye sa a mande opinyon kontinyèl moun ki gen enterè lokal yo epi bay opòtinite siyifikatif pou biznis lokal yo, MWBE yo, etidyan yo ak moun k ap chèche travay yo.

Sa gen ladann pwogram pou avanse angajman Otorite Pòtyè a pou yon 30% objektif kontra pou Biznis ak Antrepriz ke Minorite yo ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) nan tout kategori travay, ak yon konsantrasyon espesyal sou opòtinite pou biznis lokal yo atravè tout aspè nan pwogram Redevlopman JFK, ki gen ladan pwojè tèminal sa a, ki pral bati pa travayè sendika dapre yon akò pwojè travay konplè. Lòt inisyativ devlopman kominotè ke Konsèy la priyorize konsantre sou opòtinite travay ak pwogram devlopman mendèv pou rezidan lokal yo, sansibilizasyon ak devlopman ti biznis yo, ak pwogram edikatif pou etidyan lokal yo.

Sant Enfòmasyon Kominotè Redevlopman JFK (JFK Redevelopment Community Information Center) te ouvri nan Jamaica, Queens nan kòmansman 2019, sa ki ap bay aksè ki pi fasil pou antrepriz yo ki ap chèche opòtinite biznis, rezidan lokal yo nan rechèch travay, oswa vwazen k ap chèche plis enfòmasyon sou pwojè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)